

# Konnen dwa ou



## Konfidansyalite

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools, NYCPs) pa poze kesyon sou oswa suiv sityasyon imigrasyon yon elèv ni sityasyon imigrasyon manm fanmi l. Estaf nou yo p ap kenbe okenn dokiman ki gen rapò avèk sityasyon imigrasyon ou te prezante yo. Amwenske lalwa mande sa absoliman, Estaf NYCPs p ap pataje enfòmasyon yon elèv.

## Aksè nan lang

Tout lekòl leta Vil Nouyòk yo ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou fanmi ki prefere kominike nan yon lòt lang ki pa Anglè. Ale sou [schools.nyc.gov/Hello](https://schools.nyc.gov>Hello) pou jwenn plis enfòmasyon.

## Lekòl ansekirite

Pou kenbe yon anviwònman ansekirite pou tout elèv, nou entèdi pou ajan ranfòsman lalwa ki pa ajan lokal, pami yo pèsònèl ranfòsman imigrasyon ak ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE), pou antre nan lekòl NYCPs, eksepte lè lalwa egzijè sa, epi sèlman apre lekòl la fin pale avèk avoka NYCPs. Kisa k ap pase si yon ofisyè ICE parèt nan yon lekòl?

- Ajan sekirite lekòl la ap rele direktè lekòl la, k ap vin rankontre avèk ofisyè a nan biwo sekirite a. Direktè lekòl la ap di ofisyè a li dwe rete tann deyò bilding lekòl la pandan direktè a ap pale avèk avoka NYCPs.
- Direktè lekòl la ap pale avèk avoka NYCPs epi fè paran oswa responsab elèv an kesyon an konnen. Ofisyè ICE pap gen otorizasyon pou antre sofsi yo gen yon manda lajistis valid oswa si kèk tip sityasyon ijans rive ki mande yon aksyon ijans. Ale sou [schools.nyc.gov/SupportingAllStudents](https://schools.nyc.gov/SupportingAllStudents) pou jwenn plis enfòmasyon.

## Èske mwen ka vizite lekòl pitit mwen an si m pa gen papyè?

**Wi.** Pou vizite yon lekòl NYCPs, ou bezwen genyen yon pyès idantifikasyon ofisyèl ki gen foto. NYCPs aksepte IDNYC, ki se kat idantite minisipal gratis yo bay tout moun ki abite nan Vil Nouyòk.

IDNYC pa mande enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon. Ou ka anwole pou yon kat IDNYC gratis nan [nyc.gov/IDNYC](https://nyc.gov/IDNYC).

**Resous yo bay enfòmasyon jeneral sèlman. Se pa konsèy legal. Pou konsèy legal, pale avèk yon avoka.**



# Pwoteje fanmi w

## Mete enfòmasyon w ajou

Bay enfòmasyon moun pou yo kontakte pou ijans nan lekòl pitit ou a ki gen non ak nimewo telefòn adilt (paegzanp: manm fanmi, zanmi, moun k ap gade timoun lan, vwazen oswa lòt paran nan lekòl la) ki ka pase chèche pitit ou a si w pa la. Sa gen ladan nenpòt pwogram 3-K, pre-K, gadri oswa pwogram apre lekòl pitit ou a ye.

Gen plizyè fason ou ka nonmen yon moun pou pran swen pitit ou. Ale sou [on.nyc.gov/FamilySeparation](https://on.nyc.gov/FamilySeparation) pou jwenn plis enfòmasyon.

1. Premye fason an se chwazi yon moun ki gen lyen paran lè w ranpli yon fòm Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk ki rele **OCFS-4940**. Sa ka fèt imedyatman epi ou pa bezwen ale nan tribinal.
2. Dezyèm fason pou fè sa a se atravè yon pwosesis yo rele **Standby Guardianship**. Pwosesis sa a mande pou ranpli yon fòm nan tribinal

## Respè pou tout moun

Okenn timoun pa sipoze santi yo andanje lè yo lekòl, se pou sa NYCPS pran angajman pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ansekirite ki bay sipò, ki pa gen arasman, entimidasyon, agresyon, ni diskriminasyon. Si pitit ou a fè w konnen li santi y ap agrese l oswa arase l, tanpri rapòte sa imedyatman bay estaf lekòl la.

Ale sou [schools.nyc.gov/RespectForAll](https://schools.nyc.gov/RespectForAll) pou plis enfòmasyon sou kòman pou rapòte arasman (bullying).

## Lòt resous anplis

**Biwo Afè Imigran Majistra Vil Nouyòk la – Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon MOIA a**  
**800-354-0365**

Lendi rive vandredi,  
9:00 a.m. - 6:00 p.m.  
Sèvis entèpretasyon disponib

**Vil Nouyòk (City of New York) 311**

Disponib tout jounen, chak jou  
Mande pou "imigrasyon"  
Sèvis entèpretasyon disponib

**Swen legal pou fanmi**  
**212-343-1122**

Lendi rive vandredi, 9:00 a.m.–  
1:00 p.m. ak 2:00 p.m.–5:00 p.m.  
Sèvis entèpretasyon disponib

**Konnen dwa ou**  
**[nyc.gov/KnowYourRights](https://nyc.gov/KnowYourRights)**

Jwenn enfòmasyon sou dwa w ak pwoteksyon ki disponib.

**Sant jistis pou fanmi**  
**[nyc.gov/FJC](https://nyc.gov/FJC)**

Jwenn sipò ak sèvis pou moun ki siviv vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks.

